Tibebe ki Fenk fèt Kap Kriye

HealthySteps®
SWEN PEDYATRI • SIPÒ • GID POU PARAN
Yon pwogram ZERO TO THREE

KISA MWEN TA DWE FÈ LÈ TIBEBE KI FENK FÈT MWEN AN KRIYE?

Youn nan bagay ki pi enpòtan ou aprann byen bonè kòm paran se konnen kisa pou w fè lè tibebe w la kriye. Kriye se premye fòm kominikasyon yo. Yo kriye lè yo grangou oswa lè yo pa alèz. Anpil tibebe vle pou yo kenbe yo nan men pi souvan. Si w kenbe tibebe w la sa pap gate l! Sa rekonfòte l, kidonk li santi l ansekirite ak pwoteje.

Tibebe ki fenk fèt yo kriye tou lè yo pa santi yo byen. Si w te eseye sijesyon ki pi ba yo e malgre sa tibebe w la kontinye ap kriye, oswa konpòte l yon fason ki diferan parapò ak anvan, rele pwofesyonèl swen pedyatrik prensipal ou a.

POUKISA TIBEBE M NAN AP KRIYE?

- Tibebe w la ka petèt grangou. Pwopoze l tete oswa bibwon si dènye fwa ou te ba li tete a li pat pran anpil oswa si gen inèdtan edmi jiska dezèdtan depi ou te ba li l.
- Tibebe w la ka petèt santi chalè oswa fredi. Si w santi w cho oswa frèt, yo ka petèt santi yo konsa tou. Manyen kou yo pou w wè si yo pa cho oswa transpire. Eseye retire oswa mete plis rad sou yo.
- Daypè tibebe w la ka petèt mouye.
- Pafwa, tibebe yo santi yo raz epi yo bezwen chanje pozisyon oswa plas pou yo gen yon nouvo bagay pou yo gade.
- Pafwa tibebe w la bezwen rete toupre w oswa li bezwen tande vwa w.
- Tibebe w la ka petèt malad oswa li gen doulè. Verifye si l pa gen lafyèv. Si l genyen l, kontakte pwofesyonèl swen pedyatrik ou a. Verifye si gen lòt bagay ki fè l pa alèz tankou yon branch cheve ki woule byen sere nan dwèt oswa zòtèy tibebe a. Tibebe a ka konstipe tou.

© 2021 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.

KISA MWEN TA DWE FÈ?

Tibebe w la pa gen lontan li te nan kò manman l: ansekirite, konfòtab epi cho. Li t ap balanse san rete e li tap koute gwo "bri" sikilasyon san ak batman kè manman l—te gen bri ak mouvman vire tounen. Pou kounya, yap adapte yo ak nouvo sansasyon. Men kèk ide sou bagay ou ka eseye fè pou fè yo reviv fason yo te ye nan "matris" la. Kèk tibebe ka sèlman bezwen youn nan sijesyon sa yo, men gen lòt ki ka bezwen plizyè alafwa:

- Eseye yon bagay pou pote tibebe ki kenbe tibebe a toupre kò w.
- Al pwomennen (lè fre a epi yon chanjman peyizaj se yon bon distraksyon) oswa fè yon vire nan machin nan (anpil tibebe renmen mouvman an).
- "Bri blan" ka ede. Limen aspiratè a oswa yon vantilatè oswa eseye fè yon bri "chiiii" nan zòrèy yo. Gen kèk tibebe ki menm renmen bri chiiii ki fò. Gen aplikasyon pou bri blan tou.
- Gen kèk tibebe ki renmen lè yap sekwe yo. Eseye sekwe yo anwo anba oswa soukote. Dekouvri kisa ki mache oswa eseye balanse l pou yon ti tan. Pa kite tibebe a ap balanse pou anpil tan.
- Anmayotaj tibebe. Gen kèk tibebe ki renmen lè yo kenbe yo sere.
- Eseye chanje pozisyon tibebe a. Mete tibebe a sou zepòl ou oswa jenou w.
- Eseye fè kontak po ak po.
- Eseye sèvi ak yon sison. (Ou gendwa bezwen eseye plizyè fòm/mak.)
- Chante. Li ka ede w kalme tèt ou, tou!

KISA POU M FÈ LÈ M ESEYE SIJESYON SA YO EPI TIBEBE M NAN PA SISPANN KRIYE?

Lè yo reyalize tout sa ki antoure yo, sa dekourajan. Ofinal, tibebe w la jis bezwen kriye. Gen kèk ekspè ak paran ki panse ke tibebe kriye pou relache tansyon. Yon tibebe kap kriye ka bay estrès. Men kèk pwen pou sonje:

- **Pran swen tèt ou.** Li fatigan pou w okipe yon tibebe ki kontrarye epi kap kriye. Mande èd.

© 2021 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.

- **Pa pran tibebe w la si w santi w ankòlè oswa fristre.** Kite l nan yon kote ki san danje tankou yon bèso epi pran yon poz.
- ***Pa janm souke tibebe w la.*** Sonje ke tibebe w la ap fè tout sa li kapab pou li kominike nan sèl fason li konnen an. Si w santi w pa kapab ankò, rele yon zanmi, yon manm fanmi oswa yon liy asistans telefonik lokal ki bay sipò pou paran. Ou ka rele The Fussy Baby Network tou pou sipò: 1-800-431-BABY (2229).

KISA POU MWEN FÈ LI MWEN PA KA PREVWA KRIYE TIBEBE M NAN AK LÈ L PWOLONJE?

Tibebe ki rechinya yo komen *anpil*. Gen kèk tibebe ki gen difikilte pou yo kalme e yo ka gen kolik. Yon tibebe gen kolik si li kriye pandan plis pase twazèdtan pandan twa jou nan yon semèn kèlkonk.[1] Kolik ka afekte tibebe si yo nan tete oswa si yo nan bibwon. Nan premye sis semèn yo, 17%-25% tibebe gen kolik. Tibebe yo kriye mwens anjeneral lè yo gen laj 12 semèn.[2]

MWEN PA SIPÒTE POU TIBEBE M NAN KRIYE POU PLIS PASE SENK MINIT—ANMWEY!

Anpil paran santi yo konsa tou. Lè timoun ki pi gran yo oswa adilt yo kriye, anjeneral se paske yo tris, chimerik oswa yo gen doulè. Lè yon tibebe kriye souvan ou santi pa gen okenn rezon pou l kriye. Anpil paran santi yo koupab oswa fristre lè yo pa ka kalme tibebe yo a. Sa pa vle di ou echwe antanke paran. Sonje: Se pa fòt ou si tibebe a ap kriye! Li jis ap travèse yon peryòd rechinya. Kriye ak kolik toujou amelyore epi tibebe yo pa rete rechinya pou tout tan.

ESKANE POU PLIS ENFÒMASYON

Referans:

1. Wolke, D., Bilgin, A., & Samara, M. (2017). Systematic review and meta-analysis: Fussing and crying durations and prevalence of colic in infants. *Journal of Pediatrics*, 185, 55–61. DOI: http://dx.doi.org/10.1016/j.jpeds.2017.02.020
2. Wolke et al (2017).

© 2021 ZERO TO THREE. Property of the HealthySteps National Office. Adaptations, reproductions, revisions, excerpts, derivatives including but not limited to translations,and other exploitation of the materials are expressly forbidden without the prior written authorization of ZERO TO THREE.